STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FWA ETA "SHOWSTOPPER ALE" PREMYE NAN GWO FWA ETA NEW YORK NAN DAT 21 OUT

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Gwo fwa Eta New York pral lanse pwòp liy mak byè atizanal brasri New York, ki konnen tankou "State Fair Showstopper Ale," atan pou fwa demare nan dat 21 Out. Ale pral fè pati nan pwodui houblon ak lòj brasri pa konpayi Empire Brewing nan Syracuse.

"Gwo fwa Eta New York merite yon gwo bwason pou reprezante l, e byè atizanal sa se yon ajisteman pafè,"Gouvènè Cuomo te deklare. "Yon byè ki pote non youn nan aktivite agrikilti ki pi enteresan nan peyi a pral ede pwomote fwa odela fwontyè nan Eta, ak bay moun yo yon lòt rezon pou vizite selebrasyon anyèl li. Mwen konplimante ekip la ki dèyè Showstopper e mwen swete yo siksè kontinyèl."

Showstopper Ale pral alatèt Gwo Fwa Eta New York nan Syracuse, sa ki fonksyone de 21 Out ak 1ye Septanm. Vizitè yo ki gen laj legal pou bwè bwason kapab pwofite nan nouvo Taste NY Diven, Byè ak ba bwason nan Colonnade e grandman nan tout Fairground lan. Entwodiksyon nan nouvo konpleman brasri premye fwa ke diven Eta New York pral egalman sèvi nan Colonnade depi anpil ane, e egalman premye fwa ke byè atizanal ak bwason New York pral janm sèvi nan zòn fwa a.

Ou kapab wè Logo State Fair Showstopper Ale la.

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, "Gouvènè Cuomo te jete tout pwa administrasyon li an nan endistri agrikilti New York kap grandi, epi mete non Fwa Eta nan yon gwo byè atizanal se yon fason pou rann sipò sa vizib pou tout Nouyòkè yo. Nou angaje pou jwenn pi bon manje ak bwason nan mond lan pou chak rezidan nan eta sa a, yo pral jwenn anpil ladan yo nan mwens pase 30 jou nan Gwo Fwa Eta New York."

Direktè Fwa Eta New York pa entèrim Troy Waffner te deklare, "Misyon jimo fwa Eta se pou ankouraje agrikilti epi pote amizman a tout Nouyòkè yo. Kisa ki kapab pi amizan pase dekouvri yon nouvo byè, ki fèt nan New York, nan aktivite amizman ki pi enteresan nan Eta?"

David Katleski, Prezidan Konpayi Empire Brewing ak Prezidan Asosyasyon New York State Brewers, te

deklare, “Nou kontan ak emosyone pou pwodui premye Fwa Byè Eta New York. Fwa Showstopper Ale Empire NYS te kreye baze sou prim gayan nou ak pi bon lavant resèt Skinny Atlas Light Ale. Ibrid NYS sa itilize engredyen lokal tankou dlo Skaneateles Lake, malta lòj ak houblon ak pwopriyetè ledven nou pou pwodui yon byè rafrechisan ak leje style Kolsh-ale. Se vrèman yon Showstopper.”

Tim Butler, Direktè operasyon nan Konpayi Empire Brewing, te deklare, “Kòm yon moun ki renmen ale nan fwa pou preske 40 ane, mwen onore pou m brase premye fwa byè NYS. Nou te envesti anpil nan konsepsyon byè sa e mwen panse nou te vini avèk yon bagay ki reprezante alafwa Gwo Fwa Eta New York ak Konpayi Empire Brewing. Mwen pral pwomote byè a nan fwa apati 21 Out a 1ye Septanm. Jwenn avèk mwen epi kite m achte pou ou yon Showstopper!”

Enfòmasyon sou Fwa Eta New York

Fwa Eta New York dirije pa Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York ak demontre pi bon agrikilti New York pandan lap bay bon jan kalite amizman. Tèm ane sa a se, “Summer’s Best in Show,” e slogan , “New Attractions, Old Favorites, Timeless Fun,”montre plis pase de douzèn nouvo aktivite ak atraksyon ak ekspansyon oswa amelyorasyon bagay plizyè moun ki ale nan fwa prefere. Kote yo fè Gwo Fwa Eta New York la se yon konplèks pou spektak ak ekspozisyon ki mezire 375 ak eki fonksyone pandan tout ane a. W ap jwenn pwogram evenman kap fèt pandan yon ane sou sitwèb Fwa a. Chèche The Great New York State Fair sou Facebook, swiv @NYSFair on Twitter, epi gade foto Fwa a sou flickr.com/photos/nysfair. Epitou, Nouyòkè yo ankouraje pou voye lide yo genyen pou Gwo Fwa Eta New York lan nan adrès statefairideas@agriculture.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

****
WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole